

## **APPENDIX 1: TEXT POJOK KAMPUNG 5 APRIL 2004**

**SLUG : TPS MEDAENG**

**JUDUL : TPS RUTAN KELAS SIJI SUROBOYO ENTUK 4 TPS**

### **PRESENTER**

Sekitar wong sewu petang puluh papat napi nang Rutan Medaeng / isuk mau yo melok nyoblos // Tapi tekok jumlah iku / mek separoh sing nyoblos polae sing liyane dorong nyekel kartu suoro//

---

Coblosan dimulai pukul 7/ jumlah seng nyoblos sewu petang puluh papat/ 56 napi wedok / 988 napi lanang/ loro napi lanang/ ngamar nang rumah sakit// Teko catetane petugas KPPS/ setengah teko jumlah napi gak iso melu nyoblos/ soale durung nyekel kartu coblosan//

Teko 56 napi wedok/ sek 11 sing wes nyoblos// Onok napi sing gak oleh kartu suoro/ merga jek durung suwe dadi napi/ sing pas pendaftaran/ durung didaftar// Gawe sing kartune jek nang omah/ petugas/ ngandani keluargane ben cepet diterno//

Kartu coblosan sing wis dikirim/ 864 kartu/ ditambah 1070 kartu susulan// Teko akehe kartu iku/ 200 kartu dipastekno wis nang tangane penghuni Rutan/ sing jek netep nang Rutan kelas siji/ pegawe/ tamping mbek napi sing wes oleh vonis/ tapi sek ngenteni kasasi/ banding mbek PK// Gawe kartu sing wis kadung dikirim/ tapi wonge wis pindah/ wis dikekno sing berhak//

**SLUG : WALIKOTA NYOBLOS**  
**JUDUL : WALIKOTA NYOBLOS**

**PRESENTER**

Walikota Bambang DH ambek bojone/ Katarina nyalurno suoroe nang TPS wolu/ jalan Wijaya Kusuma// Gak onok perlakuan khusus gae Bambang DH pas nyoblos//

---

Kiro-kiro jam pitu isuk/ Bambang DH teko nang TPS wolu/ jalan Wijaya Kusuma// Tekone Bambang iku dikancani bojone/ Katarina Bambang DH/ sing gak patek direken wong – wong sing nyoblos nang kono//

Gak onok perlakuan khusus gae walikota/ sing ngrangkep dadi ketua DPC PDIP iki// Deke ambek bojone tetep melok prosedur pemungutan suoro koyok wong – wong liyane// Sak durunge dimulai/ panitia KPPS ndudukno kotak suoro sing sik disegel/ isine bekakas pemungutan suoro// Pemilih yo diilingno carane milih sing bener//

Gak onok waktu khusus gae walikota nyoblos// Bambang milih melok urutan antrian// Lha wong – wong sing dipetuki nang TPS iku ngaku wis weroh carane nyoblos/ dadi gak patek kangelan waktu nyoblos nang bilik suoro//

**SLUG : TPS 7**  
**JUDUL : TPS 7 RIBUT PERKORO PEMILIH GAK CUKUP UMUR**

**PRESENTER**

Panitia pemungutan suoro nang TPS pitu kelurahan Siwalankerto nolak pemilih sing jenenge Wilson umure rolas taon// Tapi wong tuane malah nyalahno panitia pendaftar sing dianggep sembrono ngekeki kartu pemilih//

---

Pemilihan umum nang TPS pitu kelurahan Siwalankerto sempet kisruh/ polae panitia nolak pemilih jenenge Grace Wilson/ arek umur rolas taon sing melok ndaftar dadi pemilih nang TPS iku// Panitia nolak/ alasane arek iku sik durung cukup umur// Kedadean iku dadi tontonane wong kono// Polae wongtuone ngotot nyalahno panitia sing sembrono ngekeki kartu pemilih//

Masiyo wongtuone wilson wis ndudukno bukti KSK/ tapi panitia tetep nolak// Jare panitia pihake nglakoni sesuai aturan nek pemilih gak jangkep umure/ gak oleh milih// Panitia tugase cumak ngadakno pemilihan umum// Lha kesalahan iku teko panitia pendaftar pemilu//

Sementara kesalahan iku yo onok nang TPS nem Siwalankerto// Pemilih loro ditolak panitia// Akibat kedadean iki pemilihan nang TPS pitu sempet dikensel pirang – pirang jam//

**SLUG : RUTAN**  
**JUDUL : WONG RUTAN GRESIK MELOK PEMILU**

**PRESENTER**

Sak liyane nang Rutan Medaeng/ wong sing manggon nang Rutan Gresik yo  
melok milih wakil rakyate// Roto – roto sakben wong sing manggon nang rutan  
butuh waktu sepoloh menit gae nyoblos kertas suoro//

---

Dadi perantean/ gak ngelongi semangate wong satos wolulekor/ teko satos petang  
poloh telu sing manggon nang Rutan negoro kelas telu – B Gresik/ melok nyoblos  
pemilu// Sing melok nyoblos iku wong wedok pitu/ ambek wong lanang satos  
suwidak nem//

Lha petong poloh papat liyane gak isok melok nyoblos/ polae kartu pemilihe nang  
daerah asale// Tapi KPPS TPS khusus Rutan Gresik ambek Kepala Rutan/ Harun  
Suliyan ngekeki kesempatan/ dadi keluargae isok nggowo kartu pemilihe nang  
rutan Gresik samprek jam siji awan//

Pemilihan suoro iku lancar// Roto – roto pemilih rodok kangelan/ tapi sakben  
pemilih cumak butuh waktu sepoloh menit gae nyoblos pilihane//

**SLUG : PENGGAGALAN**  
**JUDUL : PENDUDUK SUKODONO SIDOARJO GEGER**  
**SELEBARAN GELAP**

**PRESENTER**

Masio isuk mau coblosan lancar/ maeng bengi/ penduduk Sukodono/ Sidoarjo/ sempet geger// Goro – gorone/ onok deluwang bodong/ alias selebaran gelap/ sing dak jelas asale tekok endi// Selebaran iku isine ngajak penduduk ojok sampek nyoblos politisi bosok// Ojok milih caleg sing korupsi utowo caleg sing bejat morale//

---

Bupati Sidoarjo Win Hendarso/ ngomongno masalah iku/ sakmarine deweke nyoblos/ ndek TPS Magersari/ Sidoarjo/ maeng esuk// win nyoblos bareng bojone/ buk Emi Susanti//

Bupati njelasno/ deluwang sing disebaro wong sing dak jelas asale iku/ saiki disita pulisi Sidoarjo// Sebab/ penduduk sukodono rumongso bingung// Deluwang iku resmi tekok pemerintah/ opo gak//

Deluwang bodong iku/ jare win/ termasuk upoyo ngagalno pemilihan umum// Deluwang iku klebu teror// Mulane/ win mrentahno anak buahe/ supoyo ati – ati/ gak gampang diprofokasi wong utowo deluwang – deluwang bodong sing gak jelas asale//

**SLUG : TEWAS**  
**JUDUL : ANGGOTA KPPS MATEK NANG TPS – SDA**

**PRESENTER**

Onok ae carane wong matek/ gak peduli nang ndi nggone/ koyok Wisnu Wardana seket siji taon/ wong jalan Anjasmoro Perum Permai Sidoarjo// Pegawe Pemkot Sidoarjo iki ujug – ujug matek nang TPS telong poloh/ jalan Dieng Sidoarjo/ pas nglakoni tugase dadi KPPS//

---

Kedadean iki kiro – kiro jam wolu isuk/ maune korban/ Wisnu Wardana seket siji taon/ wong jalan Anjasmoro Perum Permai Sidoarjo iki njupuk kertas suoro pemilihan sing logor nang bilik suoro// Ujug – ujug Wisnu ndlosor sampek semaput// Akibate ndase ketatap kursi ambek koco motoe pecah//

Weroh kedadean iku wong – wong langsung nggowo wisnu/ anggota KPPS sing nglakoni tugase nang TPS telong poloh/ jalan Dieng Sidoarjo iki nang Puskesmas Waru// Njeketek waktu diperikso Wisnu wes matek//

Jare bojone korban/ Lina/ sak durunge budal nang TPS/ kondisi Wisnu rodok loro/ tapi polae nglakoni tugas dadi KPPS/ korban nekat budal// Sak durunge budal korban yo sempet ngomong ape titip negorone//

**SLUG : KECELAKAAN**  
**JUDUL : NGIRIM LOGISTIK PEMILU MATEK KETERAK**  
**BIS - SDA**

**PRESENTER**

Apes temen wong loro iki karepe apik malah matek// Korban iku Mulyono ambek Agus Suprayitno/ loro – lorone wong dusun Karang Poh deso Punokawan Krian Sidoarjo/ kiro – kiro jam rolas mambengi keterak bis Sumber Kencana waktu moleh ngirim logistik pemilu nang TPS//

---

Mulyono petang poloh taon ambek Agus Suprayitno telong poloh pitu taon/ wong dusun Karang Poh deso Punokawan Krian Sidoarjo iki linmas sing oleh tugas ngirim logistik pemilu nang TPS – TPS deso Punakawan//

Kedadean iku pas nang ngarepe bale deso Punakawan// Korban seng ape moleh teko ngirim logistik pemilu nang TPS – TPS numpak bronfit kripton// Polae nang ngarepe onok trek ambek ape menggok/ njeketek teko mburi onok bis sumber kencono mlaku banter/ gak lidok bis iku nerak bronfite korban sampek remek – mek// Akibate korban matek nang nggon kedadean//

**SLUG : SUASANA**  
**JUDUL : SUASANA COBLOSAN NANG KAMPUNG**

**PRESENTER**

Wong Suroboyo nang kampung – kampung/ dino iki rame- rame moro nang nggon pemungutan suoro gae nyoblos// Kenyataane sik akeh wong sing bingung ambek pemilu taon iki//

---

Coro pemilu taon iki/ njeketek sik dianggep mbingungno wong – wong sing ape nyoblos// Mulai teko akehe gambar sing onok nang kertas suoro/ sampek ciute bilik suoro/ nggarai wong-wong repot// Wong-wong iki kepingin kondisi bongso iki apik sak marine caleg-caleg anyar iku kepilih//

Rahasia pilihane wong-wong/ pas milih wakil rakyate sik perlu diperhatikno maneh// Bilik suoro sing mbukak iku yo isok diintip wong sing onok nang TPS iku//

Seje ambek suasana pemungutan suoro nang komplek Semolowaru Elok// Wong – wong sing nyoblos/ njagongno kesalahan masang potrek ambek daftar caleg sing sik onok// Potrek sing gak podo ambek jenenge caleg iki/ nggarai wong- wong bingung pas milih//

**SLUG : RSUD**  
**JUDUL : PASIEN STROKE ANGEL NYOBLOS KARTU SUORO**

**PRESENTER**

Satus songo pasien/ karyawan RSUD/ ambek keluarga pasien/ nyoblos nang TPS  
khusus suwelas ambek rolas/ sing onok nang RSUD Wahidin Sudiro Husodo  
Gresik// Coblosan dimulai jam pitu isuk mau//

---

Coblosan gawe pasien khusus/ petugas nggowo kartu suoro ambek kotak suoro/  
tekok kamar nang kamare pasien// Pas ape nyoblos/ selambune ditutup cek isok  
milih sak enake dewe gak kuatir nonangan wong liyo//

Pasien iku yo sempate nemoni kangelan/ pas nyoblos// Salah sijine pasien nang  
paviliun wijaya kusuma/ supadmi/ sing kenek stroke ambek tangane lumpuh/  
kepekso diewangi bojone/ gawe nyoblos kartu suoro// Iki gara-garae supadmi/ gak  
mari – mari nyoblos sampeku luwih teko selawe menit// Padahal/ sak pasien dijatah  
sepolah menit// Supadmi gak iso nyoblos mergo infuse copot terus/ opo maneh  
ditambah kertas suoro sing gede//

**SLUG : KHOFIFAH**  
**JUDUL : KHOFIFAH NYOBLOS NANG OMAHE SUROBOYO**

**PRESENTER**

Khofifah Indar Parawansa/ salah siji fungsionaris partai PKB/ isuk mau nyoblos nang kampunge nang Jemursari Suroboyo// nang pemilu saiki/ Khofifah dadi caleg nomer loro tekok daerah pemilihan siji jawa timur yoiku Suroboyo karo Sidoarjo//

---

Khofifah teko nang TPS petang poloh pitu nang daerah Jemursari gang lebar Suroboyo/ ambek bojone Insinyur Indar Parawansa// Masiyo Khofifah wis suwe nang Jakarta/ dek e milih nyoblos nang kampung asale cek isok cedek karo massa e//

Nang TPS 47 daerah Jemursari Suroboyo/ onok 285 pemilih// Masiyo pemilu saiki bedo/ pemilu sek tetep ketok lancar// Wong-wong sing nyoblos gak ketok kangelan karo carane nyoblos kertas suoro// Nang TPS iku yo ketok mlaku lancar ambek tertib// Wong-wong podo antri ngenteni jenenge dicelok siji-siji karo petugas KPPS//

Gak lidok tekone Khofifah nang TPS iki isok narik perhatiane wong-wong sing kate nyoblos// Pas eruh nek iku Khofifah/ wong-wong iku terus podo nyalami Khofifah//

**SLUG : GUBERNUR**  
**JUDUL : GUBERNUR IMAM UTOMO NYOBLOS**

**PRESENTER**

Gubernur Imam Utomo/ mau isuk jam pitu kliwat sepuluh/ nyoblos ndek TPS 32/  
RT 3 RW 8/ Margorejo/ Kecamatan Wonocolo/ Suroboyo/ cedek ambek omahe//

---

Oleh nomer urut 000001/ gubernur imam dibarengi bojone/ buk Tri Winarni/  
ambek loro anak lanange/ Agus Sapto Bakti mbek Tantuko Adi//

Sak marine nyoblos/ Imam negesno/ coblosan nang Jawa Timur diyakini sukses//  
kabeh daerah ndek Jatim siap// Imam njamin/ dak onok coblosan susulan nang  
Jatim//

Imam ngakoni/ pancen onok sing arep mboikot coblosan nang deso Talang  
Agung/ Kecamatan Talang/ Tuban// dikabarno/ rong atus wolu las uwong/ kape  
ndak nyoblos// sebabé/ onok 116 warga liyane/ dak oleh hak suoro//

Jare Imam/ masalah iku wis isok ditangani aparat// Petugas KPPS ndek kono/ isok  
njletrehno masalahe// Akhire coblosan ndek kono isok jalan lancar//

## APPENDIX 2: TABLE OF *POJOK KAMPUNG*

**S= SUBJECT**

**P=PREDICATE**

**O=OBJECT**

**C=COMPLEMENT**

**A=ADVERB**

NO.	SENTENCES	SENTENCE PATTERNS	SENTENCE PROBLEM
1.1	<b>Sekitar wong sewu petang puluh papat napi nang Rutan Medaeng /isuk mau yo melok nyoblos //</b> (Approximately 1044 prisoners at Rutan Medaeng voted this morning).	Subject-Adverb 1-Adverb 2-Predicate	
1.2	<b>Tapi tekok jumlah iku/ mek separoh sing nyoblos polae sing liyane durung nyekel kartu suoro//</b> (However, there are only half people who voted because they have not hold the ballots).	Subject-Predicate-Adverb	
1.3	<b>Coblosan dimulai pukul 7/ jumlah seng nyoblos sewu petang puluh papat/ 56 napi wedok / 988 napi lanang/ loro napi lanang/ ngamar nang rumah sakit//</b> (The voting started at 7 a.m, there are 1044 voters, 56 women prisoners, 988 men prisoners and there were 2 men prisoners hospitalized).	Subject 1-Predicate 1-Adverb-Subject 2-Predicate 2	Run-on sentence
1.4	<b>Teko catetane petugas KPPS/ setengah teko jumlah napi gak iso melu nyoblos / soale durung nyekel kartu coblosan//</b> (From the KPPS officers, there are half prisoners who could not vote because they had not hold the ballots).	Adverb 1-Subject-Predicate-Adverb 2	
1.5	<b>Teko 56 napi wedok/ sek 11 sing wes nyoblos//</b> (From 56 women prisoners, only 11 who had voted).	Subject-Predicate	

1.6	<p><b><u>Onok napi sing gak oleh kartu suoro/ merga jek durung suwe dadi napi sing pas pendaftaran/ durung didaftar//</u></b></p> <p>(There are prisoners who had not hold the ballots because they had not been prisoners for a long time who in the registration had not been registered).</p>	Predicate-Subject-Adverb 1-Adverb 2	
1.7	<p><b><u>Gawe sing kartune jek nang omah/ petugas ngandani keluargane ben cepet diterno//</u></b></p> <p>(For those who the ballots were still at home, the officer told the family to send them as soon as possible).</p>	Adverb-Subject-Predicate 1-Object-Predicate 2	
1.8	<p><b><u>Kartu coblosan sing wis dikirim/ 864 kartu/ ditambah 1070 kartu susulan//</u></b></p> <p>(The ballots which were sent 864 and 1070 continuation ballots).</p>	Subject-Predicate	
1.9	<p><b><u>Teko akehe kartu iku/ 200 kartu dipastekno wis nang tangane penghuni Rutan/ sing jek tetep nang Rutan kelas siji/ pegawe/ tamping mbek napi sing wes oleh vonis/ tapi sek ngenteni kasasi/ banding mbek PK//</u></b></p> <p>(From that amount, 200 cards had been at the prisoners who still stayed in jail, official who had got verdict but still wait for the jurisdiction).</p>	Subject-Predicate-Complement	
1.10	<p><b><u>Gawe kartu sing wis kadung dikirim/ tapi wonge wis pindah/ wis dikekno sing berhak//</u></b></p> <p>(For those cards that had been sent but the owner had moved, had been given).</p>	Subject-Predicate	
2.1	<p><b><u>Walikota Bambang DH ambek bojone/ Katarina nyalurno suoroe nang TPS wolu/ jalan Wijaya Kusuma//</u></b></p> <p>(The Major Bambang DH and his wife Katarina voted at TPS eight at Wijaya Kusuma street).</p>	Subject-Predicate-Object-Adverb	
2.2	<p><b><u>Kiro-kiro jam pitu isuk/ Bambang DH teko nang TPS wolu/ jalan Wijaya Kusuma//</u></b></p> <p>(About at 7 a.m, Bambang DH came to TPS eight at Wijaya Kusuma street).</p>	Adverb 1-Subject-Predicate-Adverb 2	

2.3	<b>Tekone Bambang iku <u>dikancani</u> bojone/ Katarina Bambang DH/ sing gak patek direken wong-wong sing nyoblos nang kono//</b> (Bambang DH's arrival was accompanied by his wife Katarina Bambang DH who had not been recognized by people who voted there).	Subject-Predicate-Complement	
2.4	<b>Gak onok perlakuan khusus gae walikota/ sing ngrangkep dadi ketua DPC PDIP iki//</b> (There was not special treatment for this Mayor who is also the head of <i>DPC PDIP</i> ).	Predicate-Subject	
2.5	<b>Deke ambek bojone <u>tetep melok</u> prosedur pemungutan suoro koyok wong-wong liyane//</b> (He and his wife followed the same procedure as other people).	Subject-Predicate-Object	
2.6	<b>Sak durunge dimulai/<u>panitia KPPS</u> <u>ndudukno</u> kotak suoro sing sik disegel/ isine bekakas pemungutan suoro//</b> (Before started, the <i>KPPS</i> official showed the ballot box which was still sealed and consisted tools of the voting).	Adverb-Subject-Predicate-Object	Run-on sentence
2.7	<b>Pemilih yo <u>diilingno</u> carane milih sing bener//</b> (The voters were also remembered how to vote correctly).	Subject-Predicate-Complement	
2.8	<b>Gak onok waktu khusus gae walikota nyoblos//</b> (There was not special time for the Mayor to vote).	Predicate -Subject	
2.9	<b>Bambang <u>milih</u> melok urutan antrian//</b> (Bambang chose to queue).	Subject-Predicate-Object	
2.10	<b>Lha <u>wong-wong</u> sing <u>dipetuki</u> nang TPS iku <u>ngaku</u> wes weroh carane nyoblos/ <u>dadi</u> <u>gak</u> <u>patek</u> <u>kangelan</u> <u>waktu</u> nyoblos nang bilik suoro//</b> (People said that they had already known how to vote so that they did not feel difficulty to vote at the vote room).	Subject-Predicate-Object-Adverb	
3.1	<b>Panitia pemungutan suoro nang TPS pitu kelurahan Siwalankerto <u>nolak</u> pemilih sing jenenge Wilson umure rolas taon//</b> (The election's officers at <i>TPS</i> seven, <i>Siwalankerto</i> rejected a voter whose name is Wilson, 12 years old).	Subject-Predicate-Object	

3.2	Tapi <b>wong tuane <u>malah nyalahno</u></b> panitia pendaftar sing dianggep <b>sembrono ngekeki kartu pemilih//</b> (However, Wilson's parents blamed the registration officer who gave the vote card).	Subject-Predicate-Object	
3.3	<b>Pemilihan umum nang TPS pitu kelurahan Siwalankerto sempet kisruh/ polae panitia nolak pemilih jenenge Grace Wilson/ arek umur rolas taon sing melok ndaftar dadi pemilih nang TPS iku//</b> (The general election at <i>TPS</i> seven, <i>Siwalankerto</i> was disorganized because the officers rejected a voter, Grace Wilson, 12 years old who also registered at that place).	Subject-Predicate-Adverb	
3.4	<b>Panitia <u>nolak/ alasane arek iku sik durung cukup umur//</u></b> (The officer rejected because that child had not had enough age to vote).	Subject-Predicate-Adverb	
3.5	<b>Kedadean iku <u>dadi tontonane wong kono//</u></b> (This incident became the show for people there).	Subject-Predicate-Complement	
3.6	<b>Polae <u>wong tuone ngotot nyalahno</u></b> panitia sing sembrono ngekeki <b>kartu pemilih//</b> (Wilson's parents insistently blamed the officer who gave the vote card).	Subject-Predicate-Object	
3.7	<b>Masiyo <u>wong tuone Wilson wis ndudukno</u></b> bukti KSK/ tapi <b>panitia tetep nolak//</b> (Eventhough Wilson's parents showed the <i>KSK</i> , the officer still rejected Wilson).	Subject 1-Predicate 1-Object-Subject 2-Predicate 2	
3.8	<b>Jare <u>panitia</u></b> pihake nglakoni sesuai aturan nek pemilih gak jangkep umure/ gak oleh milih// The officer said that they followed the procedure if the voter had not had enough age, he or she could not vote).	Predicate-Subject-Complement	

3.9	<b>Panitia tugase <u>cumak ngadakno</u> pemilihan umum//</b> (The task of the officer was only held the general election).	Subject-Predicate-Object	
3.10	Lha <b>kesalahan iku teko</b> panitia pendaftar pemilu// (That fault was from registration officer).	Subject-Predicate-Complement	
3.11	Sementara <b>kesalahan iku yo onok nang TPS nem Siwalankerto//</b> (On the other hand, this fault also happened at <i>TPS</i> six <i>Siwalankerto</i> ).	Subject-Predicate-Adverb	
3.12	<b>Pemilih loro ditolak</b> panitia// (Two voters were rejected by the officer).	Subject-Predicate-Complement	
3.13	<b>Akibat kedadean iki pemilihan nang TPS pitu sempet dikensel pirang-pirang jam//</b> (Because of this incident, the general election at <i>TPS</i> seven had been cancelled for hours).	Adverb 1-Subject-Predicate-Adverb 2	
4.1	<b>Sak liyane nang Rutan Medaeng/ wong sing manggon nang Rutan Gresik yo melok milih wakil rakyate//</b> (Besides at <i>Rutan Medaeng</i> , people who lived at <i>Rutan Gresik</i> also voted).	Adverb-Subject-Predicate-Object	
4.2	<b>Roto-roto sakben wong sing manggon nang rutan butuh waktu sepoloh menit gae nyoblos kertas suoro//</b> (Every people at <i>rutan</i> needed 10 minutes to vote).	Subject-Predicate-Object-Adverb	
4.3	<b>Dadi perantean/ gak ngelungi semangate wong satos wolu lekor/ teko satos petang poloh telu sing manggon nang rutan negoro kelas telu – B Gresik/ melok nyoblos Pemilu//</b> (Becoming emigrant, does not decrease the spirit 128 people from 143 people who lived at <i>Rutan Negoro</i> class 3B <i>Gresik</i> to vote).	Subject-Predicate 1-Complement-Predicate 2	
4.4	<b>Sing melok nyoblos iku wong wedok pitu/ ambek wong lanang satos suwidak nem//</b> (Those who followed the voting were 7 women and 166 men).	Subject-Predicate	
4.5	Lha <b>petong poloh papat liyane gak isok melok nyoblos/ polae kartu pemilihe nang daerah asale//</b>	Subject-Predicate-Adverb	

	(The others 70 people could not vote because their vote cards were in their origin place).		
4.6	Tapi <b>KPPS TPS khusus Rutan Gresik ambek kepala Rutan/ Harun Suliyanto ngekeki kesempatan/ dadi keluargae isok nggwo kartu pemilihe nang Rutan Gresik sampek jam siji awan//</b> (However, <i>KPPS TPS Rutan Gresik</i> and <i>Kepala Rutan Harun Suliyanto</i> gave the opportunity, so that the family could bring the vote cards at <i>Rutan Gresik</i> until 1 p.m).	Subject 1-Predicate 1-Object 1-Subject 2-Predicate 2-Object 2-Adverb 1-Adverb 2	
4.7	<b>Pemilihan suoro iku lancar//</b> (That general election went smoothly).	Subject-Predicate	
4.8	<b>Roto-roto pemilih rodok kangelan/</b> tapi <b>sakben pemilih cumak butuh waktu sepoloh menit gae nyoblos pilihane//</b> (The voters felt rather difficulty, but every voter needed only 10 minutes to vote).	Subject 1-Predicate 1-Subject 2-Predicate 2-Object	
5.1	<b>Masio isuk mau coblosan lancar/ maeng bengi/ penduduk Sukodono/ Sidoarjo/ sempet geger//</b> (Although this morning the vote went smoothly, last night <i>Sukodono</i> inhabitant, <i>Sidoarjo</i> was panic).	Adverb 1-Adverb 2-Subject-Predicate	
5.2	Goro-gorone/ <b>onok deluwang bodong/ alias selebaran gelap/ sing dak jelas asale tekok endi//</b> (It was because there was a leaflet which was not clear where was from).	Predicate-Subject	
5.3	<b>Selebaran iku isine ngajak penduduk ojok sampek nyoblos politisi bosok//</b> (This leaflet asked the people not to vote bad politicians).	Subject-Predicate	
5.4	<b>Ojok milih caleg sing korupsi utowo caleg sing bejat morale//</b> (Do not to vote the corrupt politicians and also those who bad moral).	Predicate-Object	Fragment sentence
5.5	<b>Bupati Sidoarjo/ Win Hendrarso/ ngomongno masalah iku/ sakmarine deweke nyoblos/ ndek TPS Magersari/ Sidoarjo/ maeng esuk//</b>	Subject-Predicate-Object-Adverb 1-Adverb 2-Adverb 3	

	(The <i>Sidoarjo</i> Regent, Win Hendarso explained that problem after he voted at <i>TPS Magersari Sidoarjo</i> this morning).		
5.6	<b>Win nyoblos bareng bojone/ buk Emi Susanti//</b> (Win voted with his wife, Mrs. Emi Susanti).	Subject-Predicate-Complement	
5.7	<b>Bupati njelasno/ deluwang sing disebaro wong sing dak jelas asale iku/ saiki disita pulisi Sidoajo//</b> (The Regent explained the leaflet which was distributed by unknown people, was taken by <i>Sidoarjo</i> police).	Subject-Predicate-Object	
5.8	Sebab/ <b>penduduk Sukodono rumongso bingung/ deluwang iku resmi tekok pemerintah/ opo gak//</b> (Because <i>Sukodono</i> inhabitant confused whether that leaflet was from the government or not).	Subject-Predicate-Complement	
5.9	<b>Deluwang bodong iku/ jare Win/ termasuk upoyo ngagalno pemilihan umum//</b> (Win said that this leaflet included way to make the general election failed).	Subject 1-Predicate-Subject 2-Complement	
5.10	<b>Deluwang iku klebu teror//</b> (This leaflet included terror).	Subject-Predicate	
5.11	Mulane/ <b>Win mrentahno anak buahe/ supoyo ati-ati/ gak gampang diprofokasi wong utowo deluwang-deluwang bodong sing gak jelas asale//</b> (That is why Win asked the officials to be careful and do not easy to be provoked by people or the leaflet which was not clear where was from).	Subject-Predicate-Object-Adverb	
6.1	<b>Onok ae carane wong matek/ gak peduli nang ndi nggone/ koyok Wisnu Wardana seket siji taon/ wong jalan Anjasmoro Perum Permai Sidoarjo//</b> (There were many ways to die, do not care the place, like Wisnu Wardana, 51 years old who lived at Anjasmoro street <i>Sidoarjo</i> ).	Predicate-Subject-Adverb	

6.2	<b>Pegawe Pemkot Sidoarjo iki <u>ujug-ujug matek nang TPS telong poloh/jalan Dieng Sidoarjo/ pas nglakoni tugase dadi KPPS//</u></b> (This <i>Sidoarjo</i> government officer suddenly died at <i>TPS</i> 30 at <i>Dieng</i> street <i>Sidoarjo</i> while he was a <i>KPPS</i> officer).	Subject-Predicate-Adverb 1-Adverb 2	
6.3	<b>Kedadean iki <u>kiro-kiro jam wolu isuk/maune korban/ Wisnu Wardana seket siji taon/ wong jalan Anjasmoro Perum Permai Sidoarjo iki njupuk</u> kertas suoro pemilihan sing logor nang bilik suoro//</b> (This incident happened at 8 a.m, the victim <i>Wisnu Wardana</i> 51 years old, lived at <i>Anjasmoro</i> street <i>Sidoarjo</i> , took the ballots which fell down).	Subject 1-Predicate 1-Subject 2-Predicate 2-Object	Run-on sentence
6.4	Ujug-ujug <b><u>Wisnu ndlosor sampek semaput//</u></b> (Suddenly, <i>Wisnu</i> lied down until collapsed).	Subject-Predicate	
6.5	Akibate <b><u>ndase ketatap kursi ambek koco motoe pecah//</u></b> (The result was his head crashed with chair and his glasses were broken).	Subject-Predicate-Complement	
6.6	<b>Weroh kedadean iku <u>wong-wong langsung nggowo</u> Wisnu/ anggota KPPS sing nglakoni tugase nang TPS telong poloh/ jalan Dieng Sidoarjo iki nang Puskesmas Waru//</b> (Knowing this incident, people brought <i>Wisnu</i> the <i>KPPS</i> officer who did his job at <i>TPS</i> 30, <i>Dieng</i> street <i>Sidoarjo</i> , to the hospital at <i>Waru</i> ).	Adverb 1-Subject-Predicate-Object-Adverb 2	
6.7	Njeketek <b><u>waktu diperikso Wisnu wes matek//</u></b> (Suddenly, while he was examined, <i>Wisnu</i> died).	Adverb-Subject-Predicate	
6.8	<b>Jare bojone korban/ Lina/ sak durunge budal nang TPS/ kondisi Wisnu rodok loro/ tapi polae nglakoni tugas dadi KPPS/ korban nekat budal//</b> (His wife said that before going to <i>TPS</i> , <i>Wisnu</i> 's condition was not good, because he had a job as <i>KPPS</i> officer, he went out).	Predicate 1-Subject 1-Complement-Adverb 1-Subject 2-Predicate 2	
6.9	<b>Sak durunge budal korban yo sempet ngomong ape titip negorone//</b> (Before leaving, he said to entrust his country).	Adverb-Subject-Predicate-Complement	

7.1	<u>Apes temen wong loro iki karepe apik malah matek//</u> (It was a pity that two men who their intend was good, but they died)	Predicate 1-Subject-Predicate 2-Complement	
7.2	<u>Korban iku Mulyono ambek Agus Suprayitno/ loro-lorone wong dusun Karang Poh deso Punokawan Krian Sidoarjo/ kiro-kiro jam rolas mambengi keterak bis Sumber Kencana waktu moleh ngirim logistik Pemilu nang TPS//</u> (Those two victims were Mulyono and Agus Suprayitno, lived at <i>Karang Poh, Punokawan</i> village <i>Krian Sidoarjo</i> , at 12 a.m last night, they were crashed by <i>Sumber Kencana</i> bus after they delivered general election's things at <i>TPS</i> )	Subject-Predicate 1-Adverb 1-Adverb 2 Predicate 2-Complement-Adverb 3	
7.3	<u>Mulyono petang poloh taon ambek Agus Suprayitno telong poloh pitu taon/ wong dusun Karang Poh deso Punokawan Krian Sidoarjo iki linmas sing oleh tugas ngirim logistik Pemilu nang TPS-TPS deso Punokawan//</u> (Mulyono, 40 years old and Agus Suprayitno, 37 years old, lived at <i>Karang Poh, Punokawan</i> village <i>Krian Sidoarjo</i> , is an official who had job to deliver general election's things at <i>TPS Punokawan</i> ).	Subject-Predicate	
7.4	<u>Kedadean iku pas nang ngarepe bale deso Punokawan//</u> (This incident was in front of <i>Punokawan</i> hall).	Subject-Predicate	
7.5	<u>Korban seng ape moleh teko ngirim logistik Pemilu nang TPS-TPS numpak bronfit Kripton//</u> (Those victims who would go home after they delivered general election's things by <i>Kripton</i> motorcycle).	Subject-Predicate-Object	
7.6	Polae <u>nang ngarepe onok trek ambek ape menggok/ njeketek teko mburi onok bis Sumber Kencono mlaku banter/ gak lidok bis iku nerak bronfite korban sampek remek-mek//</u> (Because in front of them, there was a truck which would to turn, suddenly from behind, there was <i>Sumber Kencono</i> bus which was very fast, and finally that bus crashed the motorcycle).	Adverb-Subject-Predicate-Object	

7.7	Akibate <b><u>korban matek nang nggon kedadean//</u></b> (The result was those victims died at that place).	Subject-Predicate-Adverb	
8.1	<b><u>Wong Suroboyo nang kampung-kampung/ dino iki rame-rame moro nang nggon pemungutan suoro gae nyoblos//</u></b> (Surabaya people who live in the village came to the place to vote today).	Subject-Adverb 1-Predicate-Adverb 2	
8.2	Kenyataane <b><u>sik akeh wong sing bingung ambek Pemilu taon iki//</u></b> (In fact, there were many people are confused about the general election this year).	Predicate-Subject	
8.3	<b><u>Coro Pemilu taon iki/ njeketek sik dianggep mbingungno wong-wong sing ape nyoblos//</u></b> (The procedure of the general election this year made people confused how to vote).	Subject-Predicate-Complement	
8.4	<b><u>Mulai teko akehe gambar sing onok nang kertas suoro/ sampekJ ciute bilik suoro/ nggarai wong-wong repot//</u></b> (The problems were there were many pictures at the ballot and also the narrow room made people difficulty to vote).	Subject-Predicate-Complement	
8.5	<b><u>Wong-wong iki kepingin kondisi bongso iki apik sak marine caleg-caleg anyar iku kepilih//</u></b> (Those people hoped that the condition of this country would be better after the new official were chosen).	Subject-Predicate-Complement-Adverb	
8.6	<b><u>Rahasia pilihane wong-wong/ pas milih wakil rakyate sik perlu diperhatikno maneh//</u></b> (The secret of what people voted was still to be noticed).	Subject-Adverb-Predicate	
8.7	<b><u>Bilik suoro sing mbukak iku yo isok diintip wong sing onok nang TPS iku//</u></b> (The open place for people to vote can be seen by other people at TPS).	Subject-Predicate-Complement-Adverb	
8.8	Seje ambek <b><u>suasana pemungutan suoro nang komplek Semolowaru elok//</u></b>	Subject-Adverb	Fragment sentence

	(Different from the vote situation at <i>Semolowaru Elok</i> ).		
8.9	<b><u>Wong-wong sing nyoblos/ njagongno</u></b> kesalahan masang potrek ambek daftar caleg sing sik onok// (People talked about the mistake to place the pictures with the name).	Subject-Predicate-Object	
8.10	<b><u>Potrek sing gak podo ambek jenenge caleg iki/ nggarai wong-wong bingung pas milih//</u></b> (The different pictures with the name made people confused when they voted).	Subject-Predicate-Object	
9.1	<b><u>Satus songo pasien/ karyawan RSUD/ ambek keluarga pasien/ nyoblos nang TPS khusus suwelas ambek rolas/ sing onok nang RSUD Wahidin Sudiro Husodo Gresik//</u></b> (109 patients, RSUD labours, and their family, voted at TPS 11 and 12 at RSUD Wahidin Sudiro Husodo Gresik).	Subject-Predicate-Adverb	
9.2	<b><u>Coblosan dimulai jam pitu esuk mau//</u></b> (The voting started at 7 a.m).	Subject-Predicate-Adverb	
9.3	<b><u>Coblosan gawe pasien khusus/ petugas nggowo</u></b> kartu suoro ambek kotak suoro/ tekok kamar nang kamare pasien// (The voting for special patient, the official brought the ballot card and voting box from room to room).	Adverb 1-Subject-Predicate-Object-Adverb 2	
9.4	<b><u>Pas ape nyoblos/ selambune ditutup cek isok milih sak enake dewe gak kuatir konangan wong liyo//</u></b> (While they voted, the curtain was closed so that they could vote they like and not to feel afraid with the others).	Adverb 1-Subject-Predicate-Adverb 2	
9.5	<b><u>Pasien iku yo sempet nemoni kangelan/ pas nyoblos//</u></b> (Those patients faced the difficulties while they voted).	Subject-Predicate-Complement-Adverb	
9.6	<b><u>Salah sijine pasien nang pavilion Wijaya Kusuma/ Supadmi/ sing kenek stroke ambek tangane lumpuh/ kepekso diewangi bojone/ gawe nyoblos kartu suoro//</u></b> (One of them was patient at <i>Wijaya Kusuma</i> pavillion, Supadmi, who suffered	Subject-Predicate-Complement-Adverb	

	stroke and her hands were crippled, she was helped by her husband to vote).	
9.7	<b>Iki gara-garae</b> Supadmi/ gak mari-mari nyoblos sampeku luwih teko selawé menit// (This was caused because Supadmi had not finished to vote until 25 minutes).	Subject-Predicate-Complement
9.8	Padahal/ <b>sak pasien dijatah sepoloh menit//</b> (Whereas, every patient was given 10 minutes to vote).	Subject-Predicate-Complement
9.9	<b>Supadmi gak isok nyoblos mergo infuse copot terus/ opo maneh ditambah kertas suoro sing gede//</b> (Supadmi could not vote because her infusion released and the big vote card).	Subject-Predicate-Adverb
10.1	<b>Khofifah Indar Parawansa/ salah siji fungisonaris partai PKB/ isuk mau nyoblos nang kampunge nang jemursari Suroboyo//</b> (Khofifah Indar Parawansa, one of the <i>PKB</i> official voted at <i>Jemursari</i> Surabaya this morning).	Subject-Adverb 1-Predicate-Adverb 2
10.2	<b>Nang Pemilu saiki/ Khofifah dadi caleg nomer loro tekok daerah pemilihan siji Jawa Timur yoiku Suroboyo karo Sidoarjo//</b> (In this general election, Khofifah became official number 2 from <i>Surabaya</i> and <i>Sidoarjo</i> ).	Adverb-Subject-Predicate-Complement
10.3	<b>Khofifah teko nang TPS petang poloh pitu nang daerah Jemursari gang lebar Suroboyo/ ambek bojone Insinyur Indar Parawansa//</b> (Khofifah came to <i>TPS</i> 47 at <i>Jemursari</i> with her husband <i>Insinyur Indar Parawansa</i> ).	Subject-Predicate-Adverb 1-Adverb 2
10.4	<b>Masiyo Khofifah wis suwe nang Jakarta / dek e milih nyoblos nang kampung asale cek isik cedek karo massa e//</b> (Eventhough Khofifah has been lived at Jakarta for a long time, she decided to vote at her origin place so that she could feel closely with her mass).	Adverb 1-Subject-Predicate-Adverb 2-Adverb 3
10.5	<b>Nang TPS 47 daerah Jemursari Suroboyo/ onok 285 pemilih//</b> (At <i>TPS</i> 47 <i>Jemursari</i> Surabaya, there were 285 voters).	Adverb-Predicate-Subject

10.6	<i>Masiyo Pemilu saiki bedo/ Pemilu sek tetep ketok lancar//</i> (Although this year general election was different, but the general election went smoothly).	Adverb-Subject-Predicate-Complement	
10.7	<i>Wong-wong sing nyoblos gak ketok kangelan karo carane nyoblos kertas suoro//</i> (The voters did not feel difficulty how to vote).	Subject-Predicate-Complement	
10.8	<i>Nang TPS iku yo ketok mlaku lancar ambek tertib//</i>	Adverb-Predicate-Complement	Fragment sentence
10.9	<i>Wong-wong podo antri ngenteni jenenge dicelok siji-siji karo petugas KPPS//</i> (People queued until their names were called by <i>KPPS</i> officer).	Subject-Predicate-Complement	
10.10	<i>Gak lidok tekone Khofifah nang TPS iki isok narik perhatiane wong-wong sing kate nyoblos//</i> (Surprisingly, by the coming of Khofifah at this <i>TPS</i> could attract people who voted).	Subject-Predicate-Complement	
10.11	<i>Pas eruh nek iku Khofifah / wong-wong iku terus podo nyalami Khofifah//</i> (Knowing that she was Khofifah, people gave greetings to her).	Adverb-Subject-Predicate-Object	
11.1	<i>Guberur Imam Utomo/ mau isuk jam pitu kliwat sepoloh/ nyoblos ndek TPS 32/ RT 3 RW 8/ Margorejo/ kecamatan Wonocolo/ Suroboyo cedek ambek omahe//</i> (The Governor Imam Utomo, at 7.10 a.m voted at <i>TPS 32/RT 3 RW 8, Margorejo, Wonocolo, Surabaya</i> nearby his house).	Subject-Adverb 1-Predicate-Adverb 2	
11.2	<i>Oleh nomer urut 000001/ Gubernur Imam dibarengi bojone/ Buk Tri Winarni/ ambek loro anak lanange/ Agus Sapto Bakti mbek Tantuko Adi//</i> (Getting number 000001, the Governor Imam, accompanied by his wife Mrs. Tri Winarni and his two sons Agus Sapto Bakti and Tantuko Adi).	Predicate 1-Subject-Predicate 2-Complement	

11.3	<b>Sak marine nyoblos/ Imam negesno/ coblosan nang Jawa Timur diyakini sukses//</b> (After voting, Imam told that the voting at East Java was success).	Adverb-Subject-Predicate-Object	
11.4	<b>Kabeh daerah ndek Jatim siap//</b> (All of the regions at East Java were ready).	Subject-Predicate	
11.5	<b>Imam njamin / dak onok coblosan susulan nang Jatim//</b> (Imam ensured that there was not continuation election at East Java).	Subject-Predicate-Complement	
11.6	<b>Imam ngakoni/ pancen onok sing ape mboikot coblosan nang deso Talang Agung/ kecamatan Talang/ Tuban//</b> (Imam said that there was boycott of the election at <i>Talang Agung</i> village, <i>Talang, Tuban</i> ).	Subject-Predicate-Object-Adverb	
11.7	<b>Dikabarno/ rong atus wolu las uwong/ kape ndak nyoblos//</b> (It was told that there were 218 people would not to vote).	Predicate 1-Subject-Predicate 2	
11.8	<b>Sebabe/ onok 116 warga liyane/ dak oleh hak suoro//</b> (There were 116 people who did not have right to vote).	Predicate-Subject	
11.9	<b>Jare Imam/ masalah iku wis isok ditangani aparat//</b> (Imam told that those problems could be handled by the official).	Predicate-Subject-Complement	
11.10	<b>Petugas KPPS ndek kono/ isok njlentrehno masalahe//</b> (The <i>KPPS</i> official could explain about the problem).	Subject-Predicate-Object	
11.11	<b>Akhire coblosan ndek kono isok jalan lancar//</b> (Finally, the voting there could go smoothly).	Subject-Predicate	